


**NeMutungamiri  
Henry B. Eyring**  
Mutevedzeri Wekutanga  
muHutungamiri Hwekutanga



# Kupakatira Ururami

**M**uporofita waMwari panyika, Mutungamiri Thomas S. Monson, vakazivisa kuti, “Nhasi, takakomberedzwa nezvivi, huori, uye huipi zvakasiyana zvikurusa izvo zvati zvambounganidzwa pamberi pemeso edu.”<sup>1</sup>

Mungava munoshamisika here kuziva kuti Mutungamiri Monson vakataura mazwi iwayo makore makumi mashanu akapfuura? Kana takanga takakomberedzwa nehuipe hwakasiyana zvakanga zvisati zvambozivikanwa kare ikako, tinotyisidzirwa zvakanyanya zvakadii nehuipe iyezvino? Nekuda kwechikonzero chakanaka, Ishe vakazivisa maererano nemukuwo wedu vachiti, “Tarisai, muvengi abatana” (D&Z 38:12).

Hondo iyo, “yatakupinda mairi tese”<sup>2</sup>yakatanga tisati tazvarwa panyika. Yakatanga kunyange nyika isati yasi-kwa. Yakatanga zviuru zvizhinji zvevakore zvakapfuura munguva yeupenyu tisati tazvarwa panyika, apo Satani paakapanduka uye “akatsvaga kuparadza kuzvifungira kwemunhu” (Mosesi 4:3).

Satani akakundikana pahondo iyoyo uye “akakandirwa panyika” (Zvakazarurwa 12:9), apo paari kuenderera mberi nehondo yake nhasi. Pano panyika “anoita hondo nevatendi vaMwari, uye anovakomberedza” (D&Z 76:29) nenhema, hunyengeri, nezviyedzo.

Anorwisana nevaporofofita nevaapositora. Anorwisana nemutemo wekuzvibata uye neutsvene hwemuchato. Anorwisana nemhuri netemberi. Anorwisana neizvo zvakanaka, zvitsvene nezvinoera.

Tinorwisa sei mhandu yakadaro. Tinorwisana sei nehuipe hurikuratidzika sehurikuzadza nyika yedu? Dziviro yedu chii? Vayanani vedu ndivanaani?

## Simba reGwayana

Muporofita Joseph Smith vakadzidzisa kuti Satani anesimba pamusoro pedu chete kusvikira pamwero watinomubvumira kuti ave nesimba.<sup>3</sup>

Achiona zuva redu, Nifai “akaona simba reGwayana raMwari, kuti rakadzika pavatendi vechechi yeGwayana, nekune vanhu vechibvumirano chaIshe, vakange vakapararira nepasi pose; uye *vakanga vakapakatira ururami nesimba raMwari mukukudzwa kukuru*” (1 Nifai 14:14; kusimbisa kwakawedzerwa).

Tinozvapakatidza neururami nesimba sei? Tinochengeta zuva reSabata riri dzvene uye nokukudza hupirisita. Tinoita nekuchengeta zvibvumirano zvinoera, tinoshanda panhorooondo yemhuri yedu, uye nokuenda kutemberi. Tinoramba tichiedza kutendeuka nekuteterera kunaIshe kuti “vaise ropa rerudzikinuro raKristu kuti tigashire ruregerero rwezvivi zvedu” (Mosaya 4:2). Tinonamata nekushandira nekupupura uye nokuratidza rutendo muna Jesu Kristu.

Tinozvapakatidzawo neururami uye nesimba apo “patinochengetedza mupfungwa [dzedu] nguva dzose mazwi eupenyu” (D&Z 84:85). Tinokoshesa mazwi iwayo nekunzvera zvakasimba magwaro matsvene nemashoko evaranda vakasarudzwa vaIshe avo vanozodzidzisa

pamusoro pechido Chavo, pefungwa Dzavo, nepeizwi Ravo (ona D&Z 68:4) munguva dzemusangano mukuru wemwedzi unouya.

Muhondo yedu yekurwisana nehuipe, tinofanira kuyeu-ka nguva dzose kuti tinerubatsiro kubva kuvanhu varipano panyika pamwechete nevari kudenga. Vayanani vedu vanosanganisira Mwari Baba Vekusingaperi, Ishe Jesu Kristu, neMweya Mutsvene.

Vayanani vedu vanosanganisirawo mauto ekudenga asingaonekwe nevanhu venyama. “Usatya hako,” Eri-sha akataurira murume wechidiki akanga azara nekutya apo pavakatarisana nemo auto akaipa, “Nokuti varikwatiri vanopfuvura varikwavari pakuwanda” (ona 2 Madzimambo 6:15–16).

Hatifanire kutya. Mwari vanoda Vatendi Vavo. Havambofa vakatisiya.

Ndinoziva kuti Mwari, mumhinduro kumunamato, vakazadzikisa zvikumbiro zvangu zvekundinunura kubva kune zvakaipa. Ndinopupura kuti nerubatsiro rwaMwari Baba, rweMuponesi wenyika, nerweMweya Mutsvene, tinokwanisa kuva nechokwadi chekuti tichapihwa simba rakawanda kupfuura ratinoda rekuti tikunde zvipi zvazvo zvinhu zvakaipa zvatinosangana nazvo.

Ndinovimba kuti nguva dzose tinozopakatira dziviri-ro yeururami kuitira kuti tikwanise kuva nevimbo yekuti tinozokunda pekupedzisira.

#### ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “Correlation Brings Blessings,” *Relief Society Magazine*, Kubvumbi 1967, 247.
2. “We Are All Enlisted,” *Hymns*, no. 250.
3. *Ona Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 214.

---

#### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanotiyeuchidza kuti tiri kurwa hondo nehuipe. Ungangotanga nekuimba rwiyo “We Are All Enlisted” (*Hymns*, no. 250) neavo vamunodzidzisa. Zvino ungasvovakoka kuti vagovere madziviri-rwo avakaitwa kuburikidza neururami uye mofunga nzira dzakasiyana-siyana dzekudzivirira mhuri yavo kubva kuna Satani, sezvakaita kusarudza izvo zvakanaka zvinoburitswa mumapepanhau, mumaredhiyo, nematerevhizheni, kuita matare emhuri, kana kuita nguva yemhuri pamba manheru svondo rega rega.

Ungangovakoka kuti vafungisise nemunamato masimbisiro avangaita dziviri-ro dzezvemweya dzemhuri yavo uye wovakurudzira kuti vaite chironywa chekuza-dzikisa pfunzwa dzavo.

## VECHIDIKI

### Ndakanga Ndatosarudza Nechekare NaMadison Thompson

**P**ane imwe nguva ndakagashira chidzidzo chinokosha mukirasi yeVasikana Vechidiki pamusoro pehutsvene pakusaita umhombwe—musoro wenyaya uyo wakaita kuti vechidiki vazhinji vasanzwe kugadzikana. Handiyeuke zvinhu zvose zvandakadzidza zuva iroro, asi ndinoyeuka mutungamiri wangu achitaura pamusoro pehumwe hunhu hwake pachake—hwekuramba ari mutsvene panezvekusaita umhombwe. Mashoko ake akaramba aineni, uye ndakabva ndaita sarudzo ndichida yekutora hunhu ihwohwo sehumwe hwehunhu hwangu pachangu.

Rimwe zuva apo pandaienda kumba ndirimubhazi ndichibva kumutambo wemasipotsi, mumwe munhu aiva mubhazi akatanga mutambo wekuti munhu unofanira kutaurira chikwata chevanhu chimwe chinhu chake pachake chechokwadi kana kuita chimwe chinhu chinonyadzisa kana chine njodzi sekuraira kwavanenge vamuita. Nekufinhwa nekushaya zveku-ita, vamwe vevana neni takapindawo mumutambo uyu. Payakanga yava nguva yangu yekutamba, ndakarairwa kuti ndiite chimwe chinhu chandaiziva kuti chakanga chisina kunaka. Iyi ingadai yakava sarudzo yakaoma kwandiri kuti ndiite, asi mazwi emutungamiri wangu weVasikana Vechidiki akapinda mupfungwa mangu, uye sarudzo ikava nyore. Ndakasarudza nekukurumidza kusatora chihano. Ndakanga ndatosarudza kare paneizvo zvandaizoita mumamiriro ezvinhu iwayo.

Ndinoziva kuti apo patinoenda kucheche uye toedza nesimba rose kudzidza zvinhu zvatinozidziswa ikoko, tinozoropafadzwa nesimba gurusa rezvemweya uye nedziviri-ro kubva kuzviedzo zvenyika.

*Munyorori wenyaya iyi anogara muUtah, USA.*

## Pfeka Dziviro Yako

**M**unyika nhasi mune zvinhu zvakaipa zvakawanda zvikuru. Vhangeri rakaita senhovo inotidzivirira. Verenga zvinhu gumi zvatinotaurirwa neMutungamiri Eyring kuti tiite kuti tizvidzivirire. Zvino tara nekuisa ruvara panhovo yako pachako!

1. Chengeta zuva reSabata riri dzvene
2. Kudza hupirisita
3. Ita uye uchengete zvibvumirano
4. Shanda panhoroondo yemhuri
5. Enda kutemberi
6. Tendeuka
7. Namata
8. Shandira vamwe
9. Govera uchapupu hwako
10. Verenga magwaro matsvene



# Simba Rinobva kuna Jesu Kristu neRudzikinuro Rwake Rinotigonesa

*Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo eupenyu husingaperi?*

Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

“**N**dingaita zvose naiye unondipa simba” (VaFiriipi 4:13). “Kunya-nge tose tiine utera, tinokwanisa kuhukunda,” vanodaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga. “Zvechokwadi inyasha dzaMwari dzinoita kuti, kana tika-zvininipisa uye tikave nerutendo, zvinhu zvisina simba zvinokwanisa kuva zvinesimba.”<sup>1</sup>

MuDzidziso neZvibumirano Muponesi wedu anoti, “ndichaenda pamberi pehuso hwenyu. Ndichange ndiri kurudyi rwenyu nokuru-boshwe, Mweya wangu uchange uri mumwoyo yenyu, uye ngirozi dzangu dzakakukomberedzai, kuti dzikusimudzirei pamusoro.” (D&Z 84:88).

“Nifai muenzaniso wemumwe munhu aiziva, nekunzwisisa uye aivimba pamusoro pesimba rinogonesa reMuponesi,” vanodaro Gosa David A. Bednar veChikwata cheVaapostora vaneGumi neVaviri.

“Madzikoma aNifai akamusunga netambo uye vakaronga kupa-radzwa kwake. Ndapota tarisai munamato waNifai: ‘Ishe, maer-rano nokutenda kwangu mamuri, mungandiburitsewo mumaoko avakoma vangu here; hongu, uye *mundipewo simba rekuti ndidambure tambo* dzandakasungwa nadzo’ (1 Nifai 7:17; emphasis added).

“. . . Nifai haana kunamatira kuti mamiriro ezvinhu ake ashandurwe. Kunze kwaizvozvo, akanamatira kuwana simba rekuti ashandure mamiriro ezvinhu ake. Uye ndinotenda kuti akanamata nenzira iyi chaizvo izvo nekuti aiziva, ainzwisisa, uye akanga anzwa simba rinogonesa reRudzikinuro.

“Handifunge kuti tambo idzo dzakanga dzakasungwa nadzo Nifai dzakangoerekana dzadonha kubva pamaoko nezviningonungo zvake. Asi kuti, ndinofungidzira kuti akaropafadzwa neushingi uye nesimba

rake pachake raipfuura kwaniso yake yemazuva ose, zvekuti zvino ‘nesimba raIshe’ (Mosaya 9:17) akashanda uye akamona neku-dhonzha zvakasimba patambo, uye pekupedzisira uye chaizvo izvo akagoneswa kudambura tambo dzacho.”<sup>2</sup>

## **Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo**

Isaya 41:10; Eta 12:27;  
[reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)

### **ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Dieter F. Uchtdorf, “The Gift of Grace,” *Liahona*, Kubvumbi 2015, 108.
2. David A. Bednar, “Strength beyond Our Own,” *New Era*, Kurume 2015, 4.

### **Funga Izvi**

Simba rinogonesa raJesu Kristu nekuzvipira kwerudzikinuro Kwake zvingabatsire sei kuti utera hwedu husimbiswe?